ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№53 (23.711) ● 2018 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 24, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

ЕджапІэщІэ яухуэ

● Дыгъуасэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ еплъащ Налшык къалэм щаухуэн зыщІадза курыт еджапІэщІэм лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым.

ШКОЛЫМ ныбжьыщІэ 1224-рэ щІэхуэнущ. Ар яухуэнущ иджырей мардэхэм тету икІи щІыналъэм щынэхъ ин, техникэ Іэмал нэхъыфІ дыдэхэр зиІэ Іэхуэщапіэ хъуну къалъытэ.

«Егъэджэныгъэм зегъэужьыным и Іэхуэкіэ» къэрал программэм хыхьэу, мы гъэм абы хухахащ сом мелуан 646-рэ. Абы теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ.

Мы зэманым Лъостэным и уэрамым щаухуэ а школыщІэм и лъабжьэр ягъэтІылъ, щІыр зыхуей хуагъаза. Іэщіагъэпіхэм къыздэхуа гъэщымкІэ, ухуэныгъэм метр зэбгъуэзнатІэ мин 26-м нэблагъэ къыззощІиубыдэнущ. Сабийхэм я шынагъуэншагъэм кІэлъыплъын папщІэ, ар видеокамерэхмкІэ къызэрагъэпэщынущ, мафІэс къыщымыхъун щхьэкІэ техникэ и лъэныкъуэкІэ зыхуей псори иІэнущ.

Футболым, баскетболым, волейболым, атлетикэ псынщІэм зыхуагъэсэн папщІэ зыхуеину псори яІэнущ.

- Президент Путин Владимир къалэн ищІахэм ящыщщ сабийхэм я пщэдджыжь-шэдджагъуэ еджакІэр къызэнэкІыныр. Къэбгъэлъагъуэмэ, ди республикэм и щыгъкІэм нэхъыкІэ здэщыІэ щынальхэзэри щыІэщ, еджагъуэр пальыщкІэ щагъэшу. Мы къалэным дыпэлъэщыкІ щхьэкІэ, 2025 гъэ пщІондэ дз еджакІэ мини 10-м нэблагъэм школ яхуэдухуэн хуейщ. Мы ухуэныгъэр абыхэм я щІэздзапІэу аращ, - къыхигъэщащ **КІуэкІуэ Юрий**. - Ди мурадщ 2019 - 2020 гъэхэм апхуэдэ школхэр Шэджэм, Бахъсэн, Аруан районхэм щыдухуэну. ДызэрепльымкІэ, мы школыщІэм хухэтха щІыпІэр сыт и лъэныкъуэкІи тыншу, хуитщ, уебгъэсу ухуэуам и къабзагъэми гу лъыботэ. НыбжьыщІэхэм я къэухьым зрагъэужьыными курыт щІэныгъэ зрагъэгъуэтыными зэран зыри хуэхъун хуейкъым.

КъБР-м и Іэтащхьэм республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым пщэрыпІэ щищІащ нобэ къыщыщІадзауэ ухуэныгъэ зэрекІуэкІым махуэ къэс зыщигъэгъуэззэну, а Іуэхум кІэлъыплъыну гупыр набдзэгубдзаплъэу игъэлажьэну.

- СызэрыщыгъуаззэмкІэ, еджапІэм щхьэ телъу псыгуэнитІ (нэхъ цыкІуэхэмрэ нэхъ балигъэхэмрэ ятещІыхьауэ) хэтынущ, къафэм зыщыхуагъасэ пэшыщхъэ, щхапІэ, лабораторэхэр иІэнущ. Сыщогугъ етІанэгъэ и дыгъэгъазэм нэхъ фІэмыкІыу ар хьэзыр тхуэщІыну, - дыщІигъащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Хъыбар гуапэ

Тамбукъан гуэлым къыпэзыкІухь гъэзгу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэжьащ Р-217 «Кавказ» федеральнэ гъэзугум щыщу Тамбукъан гуэлым къыпэзыкІухьым и Іыхьэу ди республикэм хиубыдэр икІи километр 15 зи кІыхьагъыр щІын.

ПРОЕКТЫМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, абы транспортыр плІыуэ зэбгъурыту щызэкІуэнущ икІи лъэмыжу щы, гъэзгу зэхэкІыпІэу тІу хеубыдэ. А Іыхьэм гъэзгу дамыгъэу 140-м нэблагъэ щагъэувынущ, гъэзугурыкІуэхэр къыщыувыІэ щыпІэу тІу къыщыззрагъэпэщынущ, и бгъуитІри къэзухьауэ щытынущ.

Иджыпсту гъэзгу зэхэкІыпІэм тельыну лъэмыжым и лъакъуэхэр гъэувын яух, пкъохэр зэрагъэубыд. Апхуэдэ зэхэкІыпІэхэр щащІ «Зольскэ - Дзэлыкъуэкъуажэ» гъэзугум, Прогресс къуажэм кІуэ гъэзугухэм я зэпрыкІыпІэхэми хуэзэу. Мы гъэм къриубыдэу гъэзугум щыщу километри 7-р хьэзыр хъунущ. Адрей къанэр графикым тету яухынущ 2019 гъэм.

Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэпызыщІэ гъэзугущІэр иджырей мардэхэм къытІасэу ящІынущ, икІи абы транспортыр нэрылъагъуу нэхъ псынщІэу щызекІуэфынущ. Мы гъэзугу Іыхьэр щыным теухуа жэрдэмыр 2015 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Урысейм Автомобиль гъэзугъэмкІэ и федеральнэ агентствэм и унафэщІым и къуэдзэ Астахов И. Г. щыхуэзам къыІэтауэ щытащ икІи ар икІэщІыпІэкІэ хагъэхьащ гъэзугухэм екьэлІа федеральнэ программэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Пщэдей Адыгэ ныпым и махуэщ

Іуащхьэ Дыкъуакъуэжь и щыгум

Шэджэм щІыналъэм хыхьэ Лашынкъей къуажэм мэлыжьыхьым и 22-м щыІэзхаща гуфІэгъэу Іуэхугъуэр адыгэхэм я нып яІэж зэрыхъурэ илъэси 182-рэ щрикъу махуэм ирырагъэхьэлІащ.

ТХЬэПЭЖІУ щыкІэу къызэрагъэпэща дауэдапщэхэр щрагъэкІэкІар къуажэм къухьапІэ лъэныкъуэмкІэ къэщцхьэщыт Іуащхьэ Дыкъуакъуэжь и щыгурщ. Мыбдежым таж пыІу щхьэщыІэтыкІа лъагапІэм, Адыгэ ныпыр уардэу зыщцхьэщыхуарэз пкъо кІыхьышхуэр тетщ 2016 гъэ лъандэрэ, къэзыухъуреихь Іэгъуэблагъэм гъэм и сыт хуэдэ зэманми къыщалъагъуу.

Зэхуэсым къэкІуэлІахэр екІэкІа даудапщэхэм зэрыщыгуфІыкІам, абыхэм я нэжэгужагъэм зэрызыкъриГъэІэтам къыдагъащІэрт ахэр къуажэдэсэр нэхъри зэкъуэзыгъэуву, зэрыщыту къатщтэмэ, адыгэ лъэпкъым ди пщІэр лъагэу дзэзыгъэлъагъуж ди щІэин лъапІэхэм, нэщэнэфхэм ящыщ зыиу зэрыщытыр.

Жыжьэу къэлъагъуэ лъагапІэ сэтейм ГъатхэМ и щІэращІэгъуэм щызэхаша зэхыхьэ дахэм къыщыпсэлъащ Дунейпсо, Урысейпсо Арткомитетхэм я вице-президент Бейтыгъуэн Іэуес, Лашынкъей къуажэ администрацэм и тхьэмадэ Хьэгъэжей Хьэсэн, жылэдэс цІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ Дыщэкі Марие, «Пэрыт» адыгэ хасэм илъэс бжыгъэкІэ и унафэщІу щыта, юрист Хьэгъэжей Беслъэн, хьэрычэтыщІэ Къуэныкъуей Замир сымэ, нэгуэщІхэри.

«Шэджэм псыкъелъэжэ» гуп цІэрыІуэм и уэрэджыІакІуэхэм, къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм «Лашынкъей» цІэр зэрихьэу щыізэхэт ансамблим и къэфакІуэхэм, курыт еджапІэхэм щІэс ныбжьыщІэхэм я зыкъэгъэльэгъуэныгъэ дахэхэм гуфІэгъуэр нэхъри щІэщыгъуэ ящІащ.

Тхьэпльэум иращІэкІа зэпеуэхэри удзэныхэхт, къыззэхуэсахэр къызэщІагъэпльэрэ ириздэуэжхэу. Ахэр спортым екьэлІа лІэужьыгъуэ зыбжанэкІэ зэщхьэщыхат. Апхуэдэт шыгъэжэри, Іэпщэрыбанэри, шабзэ уэкІэм екьэлІари, нэгуэщІхэри.

Адыгэхэм я ныпым и махуэр Лашынкъей къуажэм зэрыщагъэльэпІам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетэм и къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

● КЪБР-м и Парламентым

ХэкІыпІэхэр къалъыхъуэ

Зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащІэр егъэфІэкІуэнымкІэ лэжьыпхъэхэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, узынщагъэр хъумэнымкІэ и комитетым иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм. Абы хэтащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лЫкІуэу КЪБР-м и Паламентымрэ суд органхэмрэ щыІэ Дышэкі Мадинэ, КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр, цІыхухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщІэ центрхэм я лэжьакІуэхэр, КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэр.

«УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам гулъытэ хэха щыхуищІащ зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухэм я гугъуехьхэр дзгъэкІыным, социальнэ дэІэпыкъуныгъэ тэмэм етыным.

Ди республикэм пщІэшхуэ щыхуащІ хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ я къежьапІэу щыт, акъылышхуэ зыбгъэдэлъ икІи гъащІэм хэзыщІыкІ ди нэхъыжьхэм. Абыхэм я нэгу куэд щІэкІащ, лэжьыгъэшхуэ къраХьэлІащ.

Шэч хэмылъу, республикэм хэкІыпІэ псори щІэщ ди нэхъыжьхэм къыхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэн и лъэныкъуэкІэ. Нобэ дэ ди мурадыр а хэкІыпІэхэр къэпльыхъуэнырщ икІи республикэм ис ди нэхъыжьхэм я псэукІэм и фІагъыр къэІэтынырщ»,- а псалъэхэмкІэ зэІуцІэр къыззІуихащ комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен**.

2013-2020 гъэхэм ятещІыхьауэ зэхалъхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр» къэрал программэм хиубыдэу ди деж щолажь «Ди нэхъыжьхэр» программэ къуэдзэм.

Абы къыдэкІуэу къащтащ Урысей Федерацэм нэхъыжьхэм я Іуэхур щегъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ Стратегием и япэ Іыхьэр республикэм щыгъэззащІэнымкІэ 2017 - 2020 гъэхэм зэфІагъэкІынухэм я планыр. Лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ КЪБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымкІэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ**.

Абы зэрыжиламкІэ, министерствэмрэ абы и Іуэхущапіэхэмрэ я Іэщіагъэлэхэм зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухэм я псэукІэр къапщытэ икІи апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм къарикІуахэм япкъ иткІэ зыхуэфащэхэмахъшэкІэ, мылъкукІэ, ерыскъыкІэ ядоІэпыкъу, санаторэхэмрэ курортхэмрэ ягъакІуэ.

Социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыгъэкІ Іуэхущапіэхэр гъэ къэс ядоІэпыкъу ищхьэкІэ къыщыгъэпэсрагъуэ гупым хиубыдэ цІыху мин 30-м щІигъуэм. Зи ныбжьыр хэкІуэтахэм, ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу зи закъуэу псэухэм хущхъуэхэр я унэ хуахь. Апхуэдэ Іуэхутхьэбзэ цІыху мини 4,5-м щІигъум хуащІащ. Апхуэдэу сымаджэ хьэпІэхэр зэрахьэн папщІэ лэжьакІуэ щхьэхуэхэр ягъакІуэ.

Зи ныбжьыр хэкІуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ ящыщу къуажэхэм щыпсэухэм нэхъ гъэхуауэ ядэІепыкъун папщІэ транспортКІэ къэзыкІухь бригадэхэр къызэрагъэпэщу щІадзащ. Блэкіа илъэсым апхуэдэ бригадэхэр 957-рэ гъэзугу теуваш, цІыху мини 3,6-м ялъэІэсащ икІи абыхэм папщІэ социальнэ Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэу 4775-рэ зэфІагъэкІащ.

Социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыгъэкІ къэрал Іуэхущапіэхэм дэІэпыкъуныгъушхуэ яхуохьу щІалэгъуалэ волонтёр зэгуфэныгъэхэр, республикэм и вузхэмрэ курыт еджапІэхэмрэ щІэсхэр.

Зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухэм ящыщу республикэ регистрым итхэм папщІэ ягъэува социальнэ дэІэпыкъуныгъэр Іуахэхэм, зэІуэзэпщхэр, щхъуантІагъэ нэхъыбэ кІыщыкІыхэм зэращыщыр. Ди деж зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэ псоми абы гу лъамытэу къанэркъым. Мыр дз ди унэщи, зэпымыууэ зэлъыІутхьэу дызэрикъалэныр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

Къалэр зэІуэзэпэщ щыным теухуа щэбэт щІыхьэхуэхэр къызэрагъэпэщыныр ди деж щызэтеуда хабзэ хъарзынэщ. Дэри абы гукъыдэж тхэлъу дыхолэжьыхьри, ди къалэр зэпымыууэ нэхъ дахэ зэрыхъур ди нэгу щІокІ, - жиІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

БАТЫР Любэ.

● Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 24, гъубж

♦ЩІалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ
♦Къуэш зэрыщІа къалэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Лабораторэхэм къыщагъэсэбэп псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Ермэлы лъэпкъым залымыгъэ щыкІэлъызэрахьам хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ
♦1800 гъэм США-м и президент Адамс Джон Конгрессым и библиотекэр къызэригъэпэщащ, тхыльхэр къыщхуным доллар минитху хухихри.
♦1803 гъэм Урысейм и император Александр Езэнэм Іэ щІидзащ Кавказым и Минеральнэ псыхэм ятеухуа унафэм. Абы щыуфэзыхуат псы хущхъуэхэм къэралым и цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэри, ахэр нэсу къэгъэсэбэпа хъун папщІэ зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщынри.
♦1944 гъэм къызэрагъэпэщащ ещанэ Белорус фронтыр.
♦Адыгэхэм я къэкІуэкІыкІар зыджа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кушевэ Екатеринэ** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.
♦Уэрэджыкіакіуэ, КЪБР-ми Ингуш Республикэми щІыхь зиІэ я артистхэ **Даур Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщеІэнынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 6 - 7 щыхьэнущ.

Мэлыжьыхьым и 25, *бзэржьей*

♦Астрономием и дунейпсо махуэщ
♦Техьэгъуэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ
♦ДНК-м и дунейпсо махуэщ
♦Италиер фашизмэм къыщыІэщІагъэкІыжа махуэщ
♦1945 гъэм фашист диктатор Муссолини Бенитэ къэралым ирахуауэ щытащ.
♦Адыгэ ныпым и махуэщ
♦Португалием щагъэльапІэ хуитныныгъэм и махуэр
♦Австралиемрэ Новэ Зеландиемрэ я лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Хэкум и хъумакІуэм и махуэщ
♦Германием жыг щыхасэ махуэщ
♦Мысырым щагъэлъапІэ Синай хьІыгуныкъуэр хуит къыщащІыжа (1973 гъэм) махуэр
♦Къэзахъстаным и футболым и махуэщ. 2002 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м ар УЕФА-м хьыхащ.
♦Пхъум и махуэщ
♦Секретарым и дунейпсо махуэщ
♦Пингвинхэм я дунейпсо махуэщ
♦1895 гъэм «Пащтыкь Александр Ещанэм и музей» къызэрэпэщыным теухуа унафэр къыдэкІащ. Иджыпсту ар Къэрал Урыс музейрщ.
♦1901 гъэм США-м и Нью-Йорк штатым дунейм щыяпэу къагъэсэбэпу щыщІадзащ автомобилхэм тралъхэ номерхэр.
♦1920 гъэм Налшык япэ медицинэ Іуэхущапіэ къыщызІуахащ.
♦1931 гъэм Порше Фердинанд Porsche автомобиль компаниер къызэрагъэпэщащ.
♦1942 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ «Гознак»-м ахъшэ къыщыщІагъакІ и Іуэхущапіэр.
♦1945 гъэм СССР-мрэ США-мрэ я дзэхэр Германием щІэІэ Эльбэ тесы Іуфэм деж щызэхуэзащ.
♦1945 гъэм Сан-Францискэ (США) къыщызэІуахащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и Уставыр зэхъуэхьэным теухуа дунейпсо конференцыр, къэрал 50-м я лЫкІуэкъэ зыхэтар.
♦2007 гъэм щІалъхьащ Урысейм и япэ Президенту щыта Ельцин Борис.
♦Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым щэнейрэ и ЛІыхъужь **Будённый Семён** къызэрэлъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.
♦Совет композитор-уэрэдус, СССР-м и цІыхубэ артист **Соловьёв-Седой Василий** къызэрэлъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.
♦АР-м и цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Льостэн Исуф** къызэрэлъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, СССР-м и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуаГъэфэща **Яковлев Юрий** къызэрэлъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Совет актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Кононов Михаил** къызэрэлъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ актёр, режиссёр щІэрыІуэ, саугъэт куэдым я лауреат **Аль Пачинэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Пшынауэ Іэзэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Къуэдз Іэбубэчыр** и ныбжьыр 74-рэ ирокъу.
♦Къэрал къупльыкъущІэ, политик, ЛДПР партым и къызэгъэпэщакІуэ икІи и унафэщІ **Жириновский Владимир** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦Совет хоккеист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым и командэ къыхэхам хэту Олимпджэгуэхэм щэнейрэ щытекІуа **Третьяк Владислав** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦КъШР-м щІыхь зиІэ и артистхэ, КЪБР-м и цІыхубэ артисткэ **Щэрмэт Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, къэрал лэжьакІуэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градуси 8 - 11 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Хъыбар гуапэ

Депутатхэри щэбэт щІыхьэхум хохьэ

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ законхэр къыдэзыгъэкІ органым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ спикер Егоровэ Татьянэ я пашэу хэтащ мэлыжьыхьым и 21-м республикэм щеІуэкІа щэбэт щІыхьэхэм.

АХЭР курортым хиубыдэ Іуэхущапіэхэм я пщІанТІэхэмрэ абыхэм кьедза щІыпІэхэмрэ щылэжьащ, Щэнхабзэмкіэ унэм къегъэщІылІа зыгъэпсэхупІэр зэлъыІуахащ.

- Псом япэу къэзгъэльэгъуэну сыхуейщ ди къалащхьэ Налшык къалэ нэхъ зэлъыІуахэм, зэІуэзэпщэр, щхъуантІагъэ нэхъыбэ кІыщыкІыхэм зэращыщыр. Ди деж зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэ псоми абы гу лъамытэу къанэркъым. Мыр дз ди унэщи, зэпымыууэ зэлъыІутхьэу дызэрикъалэныр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

Къалэр зэІуэзэпэщ щыным теухуа щэбэт щІыхьэхуэхэр къызэрагъэпэщыныр ди деж щызэтеуда хабзэ хъарзынэщ. Дэри абы гукъыдэж тхэлъу дыхолэжьыхьри, ди къалэр зэпымыууэ нэхъ дахэ зэрыхъур ди нэгу щІокІ, - жиІащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ.

БАТЫР Любэ.

Мы щІалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Къуэш зэрыщІа къалэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Лабораторэхэм къыщагъэсэбэп псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Ермэлы лъэпкъым залымыгъэ щыкІэлъызэрахьам хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ
♦1800 гъэм США-м и президент Адамс Джон Конгрессым и библиотекэр къызэригъэпэщащ, тхыльхэр къыщхуным доллар минитху хухихри.
♦1803 гъэм Урысейм и император Александр Езэнэм Іэ щІидзащ Кавказым и Минеральнэ псыхэм ятеухуа унафэм. Абы щыуфэзыхуат псы хущхъуэхэм къэралым и цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэри, ахэр нэсу къэгъэсэбэпа хъун папщІэ зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщынри.
♦1944 гъэм къызэрагъэпэщащ ещанэ Белорус фронтыр.
♦Адыгэхэм я къэкІуэкІыкІар зыджа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кушевэ Екатеринэ** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.
♦Уэрэджыкіакіуэ, КЪБР-ми Ингуш Республикэми щІыхь зиІэ я артистхэ **Даур Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэртехьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градуси 8 - 11 щыхьэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэжьащ Р-217 «Кавказ» федеральнэ гъэзугум щыщу Тамбукъан гуэлым къыпэзыкІухьым и Іыхьэу ди республикэм хиубыдэр икІи километр 15 зи кІыхьагъыр щІын.

ПРОЕКТЫМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, абы транспортыр плІыуэ зэбгъурыту щызэкІуэнущ икІи лъэмыжу щы, гъэзугу зэхэкІыпІэу тІу хеубыдэ. А Іыхьэм гъэзугу дамыгъэу 140-м нэблагъэ щагъэувынущ, гъэзугурыкІуэхэр къыщыувыІэ щыпІэу тІу къыщыззрагъэпэщынущ, и бгъуитІри къэзухьауэ щытынущ.

Иджыпсту гъэзугу зэхэкІыпІэм тельыну лъэмыжым и лъакъуэхэр гъэувын яух, пкъохэр зэрагъэубыд. Апхуэдэ зэхэкІыпІэхэр щащІ «Зольскэ - Дзэлыкъуэкъуажэ» гъэзугум, Прогресс къуажэм кІуэ гъэзугухэм я зэпрыкІыпІэхэми хуэзэу. Мы гъэм къриубыдэу гъэзугум щыщу километри 7-р хьэзыр хъунущ. Адрей къанэр графикым тету яухынущ 2019 гъэм.

Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэпызыщІэ гъэзугущІэр иджырей мардэхэм къытІасэу ящІынущ, икІи абы транспортыр нэрылъагъуу нэхъ псынщІэу щызекІуэфынущ. Мы гъэзугу Іыхьэр щыным теухуа жэрдэмыр 2015 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Урысейм Автомобиль гъэзугъэмкІэ и федеральнэ агентствэм и унафэщІым и къуэдзэ Астахов И. Г. щыхуэзам къыІэтауэ щытащ икІи ар икІэщІыпІэкІэ хагъэхьащ гъэзугухэм екьэлІа федеральнэ программэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Къэпкъ Іущыгъэ:
УпщІэ щІэщхъуркъым, щІэщхъу щІэнэркъым.

Щ1ы Іыхьэр зы лІэужьыгъуэм къыхагъэкІыу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм хэгъэхьэным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм гъатхэпэм и 19-м Налшык къалэ №42-ПП

«Отбор» инновацэ-производство агрофирмэ жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгугъхьэныгъэм 2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м №349-м щІэту къитха лъэІум хэплъауэ, Урысей Федерацэм ЩІымкІэ и кодексым и 8-нэ статьям, «Щ1ыхэр е щ1ы Іыхьэ щ1хьэухэкэр зы лІэужьыгъуэм къыхагъэкІыу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм зэрыхагъэхьэм и Іуэхугъэ» 2004 гъэм дыгъэгъаэзм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 6-нэ статьям ямкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щ1:**

1. Мэкъумэш щІапІэу къагъэсэбэн щ1ы лІэужьыгъуэхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, связым, радиовещанэм, телевиденэм папщІэ щ1ыхэм, зыхъумэжьыгъэм, шынагъуэншагъэм папщІэ щ1ыхэм, нэгъуэщІ мурад хэхахэмкІэ къагъэсэбэн щ1ыхэм хэгъэхьэн Прохладнэ муниципальнэ районым щ1ыщ Учебнэ къуажэм и гъунапкъэхэм хиубыдэ, метр зэбгъуэнатІэ 10000 хъу, 07:04:5600000:1128 кадастр номер зиІэ щ1ы Іыхьэр, абы «Отбор» жылапхъэфІхэр щагъэкІ, нартыху щ1ызэпадз, гъавэ, джэшхэкІ къэкІыгъэхэр, нартыхур щагъэкъабзэ, илъэсым продукцэу тонн 5000 къыщІэзыгъэкІ центр щ1ахуэн папщІэ.

2. Мылъкур къэралым итхынымкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ым чэнджэщ етын зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал реестр зэгугъым хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Щ1ы Іыхьэр зы лІэужьыгъуэм къыхагъэкІыу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм хэгъэхьэным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм гъатхэпэм и 19-м Налшык къалэ №43-ПП

Жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь «Этана» зэгугъхьэныгъэм 2018 гъэм мазаем и 15-м, №0218001 щІэту къитха лъэІум хэплъауэ, Урысей Федерацэм ЩІымкІэ и кодексым и 8-нэ статьям, «Щ1ыхэр е щ1ы Іыхьэ щ1хьэухэкэр зы лІэужьыгъуэм къыхагъэкІыу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм зэрыхагъэхьэм и Іуэхугъэ» 2004 гъэм дыгъэгъаэзм и 21-м къащта Федеральнэ закон № 172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 6-нэ статьям ямкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щ1:**

1. Мэкъумэш щІапІэу къагъэсэбэн щ1ы лІэужьыгъуэхэм къыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, связым, радиовещанэм, телевиденэм папщІэ щ1ыхэм, зыхъумэжьыгъэм, шынагъуэншагъэм папщІэ щ1ыхэм, нэгъуэщІ мурад хэхахэмкІэ къагъэсэбэн щ1ыхэм хэгъэхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыщ Май районым хьІхьэ Октябрьскэ къуажэм хиубыдэ, метр зэбгъуэнатІэ 1187526-рэ хъу, 07:03:1900000:136 кадастр номерыр зиІэ губгъуэ номер 106-р, абы илъэсым полиэтилен терефталат тонн 3000 къыщІэзыгъэкІ «ЭТАНА» Іуэхугъапі1эм и полимер комплексыр щ1ахуэн папщІэ.

2. Мылъкур къэралым итхынымкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ым чэнджэщ етын зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал реестр зэгугъым хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Щ1ы Іыхьэр зы лІэужьыгъуэм къыхагъэкІыу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм хэгъэхьэным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм гъатхэпэм и 19-м Налшык къалэ №59-ПП

Налшык къалэм и щІыналъэ администрацэм 2018 гъэм гъатхэпэм и 1-м №45-1-24/746-м щІэту къитха лъэІум хэплъауэ, Урысей Федерацэм ЩІымкІэ и кодексым и 8-нэ статьям, «Щ1ыхэр е щ1ы Іыхьэ щ1хьэухэкэр зы лІэужьыгъуэм къыхагъэкІыу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм зэрыхагъэхьэм и Іуэхугъэ» 2004 гъэм дыгъэгъаэзм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымкІэ и кодексым и 6-нэ статьям ямкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щ1:**

1. Мэкъумэш щІапІэу щ1ы лІэужьыгъуэм къыхагъэкІауэ, унагъуэхэм щІапІэу иратын папщІэ жылагъуэхэм я Іыгъ щ1ыхэм зэгъэхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыщ Налшык къалэм хьІхьэ Хьэсэней къуажэм хиубыдэ, ипщэ лъэныкъуэмкІэ километри 2,6-кІэ кІуэ щ1ы Іыхьэу 07:09: 0108025:14 кадастр номер зиІэр икІи метр зэбгъуэнатІэ 268920-рэ хъур;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыщ Налшык къалэм хьІхьэ Хьэсэней къуажэм хиубыдэ, ипщэ лъэныкъуэмкІэ километр 1,3-кІэ кІуэ, 07:09:0108025:15 кадастр номер зиІэ, метр зэбгъуэнатІэ 39791-рэ хъу щ1ы Іыхьэр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыщ Налшык къалэм хьІхьэ Хьэсэней къуажэм хиубыдэ, ипщэ лъэныкъуэмкІэ километр 1,7-кІэ кІуэ, 07:09:0108025:16 кадастр номер зиІэ, метр зэбгъуэнатІэ 97933-рэ хъу щ1ы Іыхьэр;

г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыщ Налшык къалэм хьІхьэ Хьэсэней къуажэм хиубыдэ, ипщэ лъэныкъуэмкІэ километри 2,8-кІэ кІуэ, 07:09:0108025:10 кадастр номер зиІэ, метр зэбгъуэнатІэ 33390-рэ хъу щ1ы Іыхьэр;

д) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыщ Налшык къалэм хьІхьэ Хьэсэней къуажэм хиубыдэ, ипщэ лъэныкъуэмкІэ километри 3,3-кІэ кІуэ, 07:09:0108025:11 кадастр номер зиІэ, метр зэбгъуэнатІэ 234036-рэ хъу щ1ы Іыхьэр;

2. Мылъкур къэралым итхынымкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ым чэнджэщ етын зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр ЯмыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал реестр зэгугъым хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

● Профсоюзхэр

Ц1ыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр япэ ирагъэщ

«КъБР-м и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и советым и зэІущІэ екІуэкІащ. Абы щ1ытепсэльыхьащ 2017 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм, мы илъэсыр къызэрихьэрэ зэфІагъэкІахэм, къапэщ1ыт къалэныщ1эхэм.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащ1ыхьэм и Администрацэм хэзрал кІуэщІ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, КъБР-м граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьныгъэ лъэпкъхэм я ІуэхугъэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Кіурашин Анзор**, республикэм и промышленникэмрэ хьэрычэтыщ1эхэмрэ я союзым и тхьэмадэ **Хьэжу Владимир**, республикэм лэжьыгъэкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэрэзэпэщ1ынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ**, «Союз труда» урысейпсо партым и щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Лавров Александр** сымэ.

Зэ1ущІэм щ1ытепсэльыхьащ КъБР-м и бюджет лэжьакІуэхэм я улахуэм хэгъэхьэн и лъэныкъуэкІэ накъыгъэ унафэхэр зэрагъэзащІэм, ц1ыхухэр лэжьыгъэкІэ къызэрэзэпэщ1ынымрэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ**, «Союз труда» урысейпсо партым и щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Лавров Александр** сымэ.

Зэ1ущІэм щ1ытепсэльыхьащ КъБР-м и бюджет лэжьакІуэхэм я улахуэм хэгъэхьэн и лъэныкъуэкІэ накъыгъэ унафэхэр зэрагъэзащІэм, ц1ыхухэр лэжьыгъэкІэ къызэрэзэпэщ1ынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ**, «Союз труда» урысейпсо партым и щІыналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Лавров Александр** сымэ.

Зэ1ущІэм щ1ытепсэльыхьащ КъБР-м и бюджет лэжьакІуэхэм я улахуэм хэгъэхьэн и лъэныкъуэкІэ накъыгъэ унафэхэр зэрагъэзащІэм, ц1ыхухэр лэжьыгъэкІэ къызэрэзэпэщ1ынымрэ и профсоюзым хэтхэм я бжыгъэр зыхуэдизым, илъэс к1уэм профсоюз зэщІэхьееныгъэм зы1эригъэхьа ехъулІэныгъэхэм, апхуэдэуи 2018 гъэм накъыгъэм и 1-м щ1ыщІэдзауэ лэжьапщІэ нэхъ мащІэмрэ упсэун щхьэкІэ Іэмал имы1эу узыхуеину ахъшэмрэ зэхуэдиз щ1ыным.

Зэфіагъэкіахэм, я мурадхэмрэ гулытэ зыхуэщІипхъэ къалэн нэхъыщхьэхэмрэ теухуауэ къэпсэльащ КъБР-м и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Амщыкъуэ Фатімэт**.

Абы къыз1эрыхигъэщащ, 2018 гъэм щ1ышылэм и 1-м тепщІыхьымэ, КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я союзым къызэщІеубыдэ Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ирилажьэхэм я комитет 15, профсоюз организацэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэу1у кІалэ, район совету 13, апхуэдэуи кІалэ, район комитету 43-рэ, пэщІдзэ профсоюз организацэу 1750-рэ. Пэщ1эдзэ профсоюз организацэхэм лэжьакІуэ 116604-рэ къызэщІаубыдэри, абыхэм ящ1ыщ 110668-р профсоюзым хэтщ. Псори зэхэту ц1ыху 128010-рэ.

2017 гъэм профсоюзхэм хьІхьащ ц1ыху 5063-рэ икІи пэщІдзэ профсоюз организацэ 16 къызэрагъэпэщащ. Лажьэхэм ящ1ыщ апхуэдэ профсоюзым хагъэхьащ ц1ыху 1590-рэ, еджакІуэу 3473-рэ.

УФ-м Экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министерствэм зэрыпримЫхьам тету, Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, хьэрычэтыщ1эхэм я Іэнатіэхэм щ1ылажьэхэм ику ит я мазэ улахуэр 2017 гъэм сом 9171-рэ хъуащ.

Улахуэмкіэ щ1ыІэ щ1ыхуэр япшыныжьнымкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрыгъэзакІуэкІам и ФІыщІэкІэ, а гукъеуэр зэрыкІуэда хъуащ: 2018 гъэм щ1ышылэм и 1-м ирихьэлІэу КъБР-м улахуэмкІэ щ1ыхуэ щ1ыІэжакъым.

«КъБР-м и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым гулытэ хуещІ лэжьыгъэмкІэ щ1ыІэ хабзэр хъуэмэн. Зриплъэж 2017 гъэм абы теухуа къэпщ1тэныгъэ 308-рэ (2016 гъэм - 257-рэ) ирагъэкІуэкІащ. Къ1ущІагъэщ1а ныкъусаныгъэ 263-р я зэзэзэкІуэжьын папщІэ ц1ыхухэр лэжьыгъэкІэ къызэзэгъэпэщ1эхэм хуагъэхьащ тхыгъэу 191-рэ. Абы кърикІуэу ныкъусаныгъэ 244-рэ я гъэзэзэкІуэжащ.

Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэмрэ рекомкэмрэ я технико инспекторхэм къэпщ1тэныгъи 109-рэ ирагъэкІуэкІати, лэжьыгъэ законодательствэр 431-р къызэпаудауэ къыщІагъэщащ икІи ягъэ я зэзэкІуэжьын папщІэ зыхуэфащэ тхылъ 93-рэ иратащ.

Союзым и щІалэгъуалэ советым хэтхэр жыджэру хэлэжьыхьащ Щ1алэгъуалэмрэ студентхэмрэ я урысейпсо фестиваль Сочэ щекІуэкІам, апхуэдэуи профсоюзхэр я щ1эгъэкъуэныгъэ ягъэхьэзыра проектхэр пхагъэкІащ, ахэр зэрагъэзэщІэн ахъшэ кърату.

Гукъинэжу щытащ накъыгъэм и зым ирагъэкІуэкІа Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр, профсоюзхэм я «За достойный труд» дунейпсо зыхьхьэр, КъБР-м и Правительствэмрэ «КъБР-м и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзымрэ Илъэсыщ1э псейм ехьэлІауэ къызэрагъэпэщ зэхьхьэхэр.

КъБР-м и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм 2018 - 2020 гъэхэм гулытэ хэха хуищІынуц щ1ыналъэ профсоюз зэгухьэныгъэр нэхъри лъэ быдэкІэ гъэувыным, ц1ыхухэм я сэбэп зыхэлъ лэжьыгъэр къэмыгъэтІэсхъэным.

Зэ1ущІэм кърихьэлІахэр щ1ыгъуазэ ящІащ союзым и ахъшэр зэгъэзэзэху зэрахъуэну, апхуэдэуи тепсэльыхьащ КъБР-м и ОПП-м физическэ щэнхабзэм, спортымрэ туризмэмрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзыр зэрыхагъэхьэм. Профсоюз рескомыщ1эм и унафэщІщ Заруцкий Александр.

Зэ1ущІэм къыщ1ипсэльащ егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ **Карныш Сергей**, узыншагъэр хъумэным и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ **Яськовэ Ольгэ**, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ **Дау Марианнэ**, физкультурэм, спортымрэ туризмэмрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщІ **Заруцкий Александр** сымэ.

- Дэ адэкІи лэжьыгъэшхуэ ящ1тпэщ1ытщ. Лэжьакіуэбэм я сэбэп зыхэлъхэм теухуа ди мурадхэр щ1ыпхыдгъэкІыфынур абы зэкъуэту дытелажьэнщ1, - жиІащ Амщыкъуэ ФатІимэт. Къызэхуэсахэр къхъуриджащ «За достойный труд, за справедливую политику!» къыхуеджэныгъэм щ1эту накъыгъэм и 1-м екІуэкІыну Іуэху щхьэпэм я лэжьакІуэхэр къыхаш1ну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.
Сурэтыр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

● Егъэджэныгъэ

ІэнатІэм къыпэщылъ къалэныщІэхэр

Ди къэралым и щ1ыхэр Москва мы махуэхэм щокІуэкІ ЕгъэджэныгъэмкІэ дунейпсо зэхуэс ин. «Егъэджэныгъэм и экосистемэщІэ» - арац зэреджэр къалащхьэм и ВДНХ-м егъэджэныгъэмкІэ и салоным (ММСО) къыщ1ызэІуаха а зэІущІэшхуэм. Абы щ1ытепсэльыхь Іэнатіэм къыхихьэ Іэмалыщ1эхэмрэ ахэр гъащІэм зэрыхапщэ щ1ыкІэхэмрэ.

УФ-М ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМРЭ щІэныгъэмкІэ и министр Васильевэ Ольгэ зэІущІэр къыщ1ызэІуихым къызэрыкІыгъэщамкІэ, ВДНХ-м ММСО-р къызэрыщ1ызэрагъэпэщ1рэ илъэси 5 фІэкІа мыхъуами, ар щІыпІэ куэдым щ1ыщІэрыІуэщ. Мыгъэрей зэхуэсым хэтщ къэрал 75-м къикІа эксперт щІэрыІуэ 1000-м щІигъу. Салоным къыщ1ызэрагъэпэща лэжьыгъэхэм щ1ыгъуазэ зыхуащ1ыф ц1ыху мин 60-м щІигъум.

Дунейпсо зэІущІэм мы гъэм япэу кІуащ КъБКъУ-м и Іэщ1агъэлІ гуп. Абыхэм ягъэхьэзыращ щІэныгъэр зи лъабжьэ доклад купщІафІэхэр, Іэнатіэм и зыужьыныгъэм хальагъуэ щхьэхуэныгъэхэр щагъэнаІуэу. Махуэ зыбжанэ хъуаущ екІуэкІ форумым ди щІэныгъэлІхэм къыщаІэта Іуэхугъуэхэм ящ1ыщ1 иджырей егъэджэныгъэм къыпэщ1ылъ къалэныщ1эхэр. Абыхэм ящ1ыщ1, къапщтэмэ, зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным епха Іуэхугъуэхэр, программэм и лейуэ ныхьыщ1эхэм ират щІэныгъэм и Іэмалыщ1эхэр убзыхуныр, хамэ къэралхэм къикІауэ ди экъум и курыт школхэм щеджэхэм хэхауэ ядэлэжьэныр, нэгъуэщ1хэр.

Щ1ІэныгъэлІхэм, Іэщ1агъэлІхэм къадэкІуэу, зэхуэсым хэтащ ВДНХ-м и къекІуэлІакъуэ я егъэджэныгъэ салоным щ1ыхьахэр. Абыхэм ящ1ыщ гукъыдэж зиІэхэм папщІэ къызэрагъэпэщащ ЕГЭ лІэужьыгъуэхэр. Апхуэдэу ягъэзэщІащ урысыбзэмкІэ, математикэмкІэ, дыкъзэзыухъуреихь дунеймкІэ урысейпсо къызэрапщ1тэ лэжьыгъэхэр. Щ1ыгъуазэ зыхуащІащ «Шахматы в школе» зэреджэ тхьилъащІэм. Зэхуэсым хэтахэр щІэсащ псынщІэу къеджэнымкІэ, Іэпэтэрмэшкіэ зэпсэльнымкІэ дерс зэІуха гъэщІэгъуэнэхэм.

Псори зэхэту салоным зэкІэ щ1ытепсэльыхьащ егъэджэныгъэм и унэтІныгъи 100-м щІигъум, абы и утыку ирахьащ проект хэхауэ 13. Лэжьыгъэхэр щокІуэкІ ВДНХ-м и щІыпІэ 27-м. Ди университетым икІа щІэныгъэлІхэр жыджэру хэтащ а Іуэхугъуэхэм, ябгъэдэлъ Іэзэгъымрэ зэфІэкІымрэ ягъэлъагъуэу, къалэныщ1эхэр гъэзэщІэным хуэгъэпса мурадыщ1эхэм-рэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэмрэ нАІуэ ящІу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Фэеплъхэмрэ тхыдэ щІыпІэхэмрэ

Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм щэбэт щ1ыхьэху щрагъэкІуэкІащ. Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиІэ щІыпІэхэмрэ я махуэр щагъэлъапІэм ирихьэлІэу.

ГУЛЪЫТЭ ХЭХА хуащІащ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъхэм. Мы жылэм щ1ыщ 1941 гъэм нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм япэщІэуварэм яхэтащ ц1ыху 457-рэ, абыхэм ящ1ыщ 272-м къагъэзэжакъым. Абыхэм я цІэ-унэцІхэр зытет обелиск къуажэм дэтщ.

Щ1эбэт щ1ыхьэжум щ1ыгъуэ жыг ц1ыкІуэхэр ягъэтІысащ, фэеплъхэмрэ ахэр эдэщ1ыт щІыпІэхэмрэ ягъэхьэзащ.

«Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиІэ щІыпІэхэмрэ я махуэм ирихьэлІэу ахэр зыхуей хэзгъэзэным ехьэлІа лэжьыгъэ щхьэхуэгъэр илъэс къэси идогъэкІуэкІ, ар ди къалэну зэрыщытыр фІыуэ къыдгуроІуэри», - жиІащ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэ администрацэм щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и Іэщ1агъэлІ Токъмакъ Тембот.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Зэпеуэхэр

Іущ1ыцэхэр утыку къохьэ

Къытщ1эхъуэ щ1эблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтыным, зыщ1ипсэу къэралым, щІыналъэм я тхыдэр ящ1эу къэгъэтэджыным хуэгъэпсауэ ди республикэм Іуэхугъуэ куэд къыщ1ызэрагъэпэщ.

АБЫХЭМ ящ1ыщ1 «Іущ1ыцэхэр» щІыналъэпсо джэгуэзэпеуэр. Бахъсэн районым хьІхьэ курыт школхэм тхыдэмкІэ щекІуэкІа апхуэдэ зэхьэзэхуэм и кІэух Іыхьэр иджыблагъэ щ1ызэхашащ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Абыкіэ хьІбар дигъэщІащ еджапІэ нэхьыщхьэм и пресс-Іэнатіэм.

Зэпеуэм хэтащ абы и щІыпІэ Іыхьэхэм пашэ щ1ыхуэ школакІуэ гупхэр. Ныжьыщ1ыхэр зэхьэзэхуащ «Пащтыхь Александр II и тепщэгъуэм къэралым игъуэта зыужьыныгъэр» зэзыгъэзэщІ Александр II и тепщэгъуэм къэралым игъуэта зыужьыныгъэр» гъэмкІэ зэпеуэну утыку къихьа ныжьыщ1ыр 12-м абыкІэ щІэныгъэ куу къагъэлъэгъуащ. Школакіуэхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІхэм набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м Урысейм и тхыдэмкІэ и кафедрэм и профессор Кузьминов Пётр зи пашэ хэпщ1ыткІуэ гупыр.

Щ1ыуэ зэщхьэщ1ыхаэ екІуэкІ зэпеуэм ещанэ увыпІэр къыщ1ихьащ Исльэмей къуажэм дэт курыт школ №94-м и 10-нэ классым и еджакІуэ Къуэщ1ыскъуэ Идар. ЕтІуанэ хъуащ Зеикъуэ жылэм дэт курыт школ №94-м и 11-нэ классым щеджэ Ует Анзор. Нэхъыфі дыдэу къалъытащ Бахъсэнёнок къуажэм дэт курыт школ №2-м и еджакІуэ Щ1ырыт Разитэрэ Зеикъуэ жылэм дэт курыт школ №94-м и 8-нэ классым щеджэ Щомахуэ Альбертрэ.

Текіуахэм хуагъэфащащ Бахъсэн районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм къыбгъэдэкІ щ1ыхьэ тхылъхэр, саугъэт лъапІэхэр.

ТАМБИЙ Линэ.

Махуэшхуэр гъэлъэпІэным зыхуагъэхьэзыр

Зэрыщ1ыту республикэми хуэдэу, Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэ махуэр Тырныауз къалэми мэлыжьыхьым и 28-м щагъэлъэпІэнущ.

«ТОТУР» стадионым пщэдджьыр сыхьэти 9-м къыщ1эзІуахынщ ц1ыхубэ Іэщ1агъэхэр утыку къощ1рахьэну гъэлъэгъуэныгъэ. Ар ягъэхьэзыращ район муэймрэ сабий творчествэмкІэ унэмрэ я лэжьакІуэхэм. Абы и ужькІэ сыхьэти 10-м Іуащхьэмахуэ районым и артистхэм махуэшхуэ концерт ягъэпэгъуэнущ. А махуэм сабий паркым и аттракционхэр пщІэншэу лэжьэнущ.

Гуфіэгъуэ Іуэхухэр щекІуэкІынущ Іуащхьэмахуэ лъапи. Эльбрус поселкэм и администрацэм и гупэкІэ «Гъагъэ, си Балъкъэр!» зыфІаща концертышхуэ КъБР-м и артист нэхъыфІхэм щагъэлъэгъуэнущ.

Концертхэр, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр, литературэ пшыхьэхэр, конкурсхэр Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжьныгъэм и махуэм щекІуэкІынущ районым и адрей жылагъуэ псоми.

ТАРИМ Алисэ.

● Ди сурэт гъэлъытыгъэхэр

Колхозхэтхэм я III Союзпсо съездым и лІыкІуэхэм яхэтщ Бырс Анзор *(япэ сатырым сэмэгумкІэ)*, **Мэлбахъуэ Тимборэ** *(ещанэр)*, **Къущхьэ КІыщыкъуэ, Мусукаевэ Шамса, Тэрчокъуэ Къамбулэт сымэ, н**.
Москва, Кремль. 1969 гъэ

ЩхьэзыфІэфІу икІи хабзэм емызэгъыу

● Щ1эпхъаджагъэ

Илъэсым зэрыщ1идзэрэ «Газпром газ зыгуэш Налшык» Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм къагъуэтащ КъБР-м и щІыналъэм газ кІуапІэхэм бжьамийхэр хабзэншагъэкІэ щ1ыпащІа щ1ыпІэхэу 142-рэ. Абыхэм я нэхъыбэ дыдэр паупщІа иужь езыхэм я бжьамийхэр газ кІуапІэхэм щхьэзыфІэфІу пызыщІахэрщ.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ къриКІуахэр хабзэхъумэ органхэм Іэрагъэхьащ администрацэ, уголовнэ жэуапим ирашэлІэн папщІэ.

Мы зэманым ирихьэлІэу хабзэр къызэпызыудахэу 33-р административнэ тезыр ирагъэхьащ. Абы ипкъ иткІэ къуэдыкъри тралъхьащ.

Хабзэншагъэ зылэжьакъым газыр яІэрыхьэжыркъым.

Фщ1эн папщІэ: Урысейм Энергетикэмкіэ и министерствэм 2015 гъэм дыгъэгъаэзм и 18-м къыдигъэкІа унафэ №9075-м ипкъ иткІэ «хабзэншагъэ къалъытэ газ зыгуэш Іэнатіэхэм я унафэ хэмылъу бжьамийхэр щхьэзыфІэфІу икІи хуит къамыщІу падзэныр. НэгъуэщІу жыпІэмэ, проект тхылъ зэрамыгъэпэщу, зэгурыІуэныгъэ ямыІэу газыр щхьэгъэсэбэпынырэ.

«Газпром газ зыгуэш Налшык» АО-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.



● Лъэпкъыр зэрыгушхуэ

Адыгэшыр урысей шы лъэпкъыжьщ

Адыгэшыр уанэш лъэпкъыжь дыдэхэм ящышщ. Абы и цІэм ушрохьэлІэ шы зехуэным теухуауэ дуней псом щызекІуэ псалъалъэхэм. Шым зэрихьэ цІэм Іупщі ещІ ар къыззыгъэпэщащ лъэпкъым лъыкІэ зэрелъхар, адыгэ гъащІэм илъэс мин бжыгъэкІэ пыщІауэ къыззэрекІуэкІар.

АДЫГЭШЫР адыгэ лъэпкъым и набдзэщ. Лъэпкъым лэщІыгъуэ Іэджэ тригъэкІуэдащ ар къыззэфІигъэувэным. Шы гъэхъунри абы епха псори адыгэм дунейпсо щэнхабзэм хуиІца хэлъхьэныгъэшхуэщ. Къэбэрдейр Урысейм и Іыхьэ зэрыхъурэ адыгэшри къэралыр къызэрацІыху нэщэнэхэм яз хъуащ. Аращ шыр зэрагъасэри, зэрагъашхэри, шум зэрызихуапэри, шугъэджэгури, шыгъажэри, шу зекІуэхэри, кІинэмыщІэхэри щІэныгъэ и лъэныкъуэкІи арыхъэу зэрыгъэщІэгъуэн къудейм къыхэкІыуи щэнхабзэ щхьэхуэ щІэхъуар.

Адыгэшыр зэрацІыхур зауэм къыщысэбэп зекІуэшущ. Адыгэхэр зауэ губгъуэм къыщыщхьэпэн, къызэрымыкІуэ хахуагъ зыхэпІ, къуакІэбгыкІэхэм щызекІуэныр къызэмыхьэлъэкІ шы бэшэч хуэныкъуэти, а псори я лъэпкъышым хапщэфащ.

ЛІэщІыгъуэ зыбжанэкІэ, 1917 гъэм къэхъуа революцэр къэсыху, адыгэшым урыс армэм, урыс пащтыхьхэм я шуудзэм щІэупщІэшхуэ щаІэу къекІуэкІащ. 1830 гъэм Николай IV и унафэкІэ Кавказ-Бгырыс эскадрон ныкъуэ жьыхуаІэ шуудзэр къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хэта зауэлІхэр Кавказ пщы-уэркъэхэм ящыщт, нэхъыбэр урыс императорым деж къулыкъу щызыхь къэбэрдей щІалэхэт. Пащтыхьым и Іэгъуэблагъэм гъэлъэгъуэныгъэ гуэрхэр щекІуэкІыху, абыхэм шууейуІэщІагъэхэр, шыгъэджэгу Іэмал къызэрымыкІуэхэр къагъэлъагъуэрт. Мис апхуэдэ зы хъыбар, �щІымахуэ Сэрейм деж франджы зыпІпыхьакІуэ Хюстин А. и нэгу щыщІэкІауэ. Ар итщ «Николай и Урысейр» тхыльым:

«Сыихьэтыр пщыкІуэм деж зиусхьэнымрэ пащтыхь гуащэмрэ шордакъым къыштевати, абдеж дыдэм Шэрджэс гвардием щыщ щІалэхэм я азиеш ахъырзэманэхмкІэ шы гъэджэгуакІэ щІагъэу дыщыІуагъэплъащ».

Урыс-Кавказ зауэм хэта къэзакъхэм я джекІэ адыгэш зэбгъэпэщыныр ехьулІэныгъэшхуэт. Адыгэшым и уасэр ящІэрти, абыхэм къэбэрдейхэм я шуудзэм щІэупщІэшхуэ щаІэу къекІуэкІащ. 1830 гъэм Николай IV и унафэкІэ Кавказ-Бгырыс эскадрон ныкъуэ жьыхуаІэ шуудзэр къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хэта зауэлІхэр Кавказ пщы-уэрк

«Анэдэлъхубзэм и мазэр» зэхуащІыж

● Лэсхэн щІыналъэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм иубзыхуауэ екІуэкІа «Анэдэлъхубзэм и мазэр» Арщыдан къуажэм щыізэхуащІыжаг.

ДАХЭУ, купщІафІэу екІуэкІа а зэхыхьэр гукъинэж ящыхьуат къекІуэлІа псоми. ХьэщІэу бжахуеблэгъат КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ Гугъуэтыкъ Ахьмэд, палатэм ныбжьыщІэхэр хэкупсэу гъэсэныкмкІэ иІэ кІудамэм и унафэщІ Іэрэмысэ Тимур, «Черкесский ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ ЖыІэгъащІэ Хьэчим, Къэбэрдей щууей хасэм и тхьэмадэ Къудей Аслъэн сымэ, нэгъуэщІхэри. Курыт еджапІэм и дыхьэпІэм гуапэу хьэщІэхэм къащыщежат Іуэхур щекІуэкІ школым и унафэщІ Хьэлышх Маритэ, абы и къуэдзэ Мэшыкъуэ Радимэ, егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр.

Ялпуэ хьэщІэхэр ирагъэплъащ курыт еджапІэм кьепхауэ лажьэ сабий садым и «Нур» къэфакІуэ ансамбль щІыкІум я зыкъэгъэльэгъуэныгъэм. ИужькІэ абыхэм ирагъэплъащ мазэм кьриубыдэу еджакІуэ щІыкІуэхэм ящІа сурэтхэм я гъэльэгъуэныгъэм. Дэтхэнэ Іэдакъэщ іэкІми ягури я псэри хьихьэу зэрелэжьар пльагъурт.

КъыкІэльыкІуэу ахэр ирагъэблагъащ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Мэшыкъуэ Любэ игъэхьэзыра «БжыгъэцІэм и хэщІапІэм» фІощІгъэр зиІэ дерсым. Махуэм егупсу зэрызыхуагъэхьэзырар нэрылъагъут: хьыджэбз щІыкІуэхэр къэгъагъэ щІгъныныгъэкІэ, щІалэ щІыкІуэхэр мэз псэущхьэхэм хуэдэу зуэпат. Дыкъэзыуэрееихь дунейм кьыщыхъу-кьыщыщІэ куэдыр ныбжьыщІэхэм адыгъэзэкІэ кьАІуэтэну къаззэрытехьалъэр я тІасхьапІэм щыщщ. Ар хъэпльатэмэ, егъэджакІуэм кьыхиха Іэмалыр кьезэгъэну жьпІэ хъунущ - еджакІуэхэм «зи фащ» ящІгъ кьэкІыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ адыгэбзэрэ урысыбзэкІэ я щІэхэр зэпалъытэжурэ абыхэм щыгъуэгъэ зыхуащІыт. Псалъэр зрагъащІэ кІудейм кьыщымынэу, абы и теплъэр суратКІи щыгъныныгъэкІи ягъащІыпкъэжу апхуэдэт. ЗрагъащІа псалъэхэмрэ фІэщІыгъэхэмрэ я бжыгъэм трикъуэзурэ, егъэджакІуэм сабийхэр бжыгъэцІэм и лъахэм ириашаг. Іэпэдэгъэлэл хъу псалъэ лъэпкъыгъэхэм ящыщ бжыгъэцІэми гулъытэ хэха щигъуэтащ мы дерсым. БжыгъэцІэ лІэужьыгъуэхэр еджакІуэхэм гукьинэж ящыхьун папщІэ адыгэбзэкІэ есэпи ящІыгъуэ.

● Тхылтыщіэ

Утыкушхуэм щагъэзащІэ адыгэ къафэхэр

Лъэхэхутэхэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдагъэкІаг «Адыгский сценический танец» тхылъыр.

НАПЭКІУЭЦІ 492-рэ зи Іувагъ къыдэкІыгъэ бзитІыкмкІэ - урысыбзэрэ инджылызыбзэкІэ - хэхуэ дунейм кьытехьащ. Ар Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэр щызэхуэхьэса лжьыбгъуэ къеплъытэ хъунущ. Абы кьыщыгъэльэгъуа къафэхэр сурэт щхьэжкІэплъыкІэхэмкІэ гъэдэхащ.

Котляров Виктор зэрыжІэмкІэ, къэфакІуэ щІэрыІуэ, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамблым и художественнэ унафэщІ **Атэбий Игорь** илъэс зыбжанэкІэ игъэхьэзыра лэжьыгъэшхуэщ ар.

«Къафэр, - щетх Атэбийм и тхылъым, - си гъащІэм, лъэпкъ щэнхабзэм кьыгуэкыпІэ зимыІэу хэт Іыхьэщ. Къафэр дэрэжьгъуэ хьыззэытщ, си гукъыдэжым хэзыгъахъуэу сызытхьэкъу дахагъэщ, тхьдэм и макъщ, къкІуэнум епха си хуэзэпсалІэщ. Къафэр Іэщ іагъэ къудейкъым, ар си гъащІэщ, си дунейщ».

Тхылъым хагъэхьащ адыгэ лъэпкъ къафэхэр. Апхуэдэхэщ «Къафэ» пасэрей уэркъ къафэжьыр, «Удж-хэш къафэр», «Адыгэ аристократэм я къафэр», нобэрей зэманым и дамыгъэ зытелъ къафэхэр - «Тенджызэ фІыцІэм и Іуфэм Іус адыгэзэм я къафэр», «Иордан адыгэхэм я къафэр». Тхылъым ихуащ «Абхъаз къафэр», «Убых къафэр». КъищынэмыщІауэ, къыдэкІыгъуэм хагъэхьащ «Щолэхъу теухуа хьыбар» къафэ композицэр. Абы дахагъэр кьыщыгъэльэгъуэжащ таурыхъым кьыхэщ шым и теплъэмкІэ.

Тхылъым и рецензэр зи Іэдакъэ щыщІэкІа, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ, Москва дэт щэнхабзэ къэрал институтым и профессор **Мурашкэ Михаил** етх: «Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я къафэ гъуазджэм ехьэлІа псалъэ щхьэхуэ жьпІэну тиншкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Дагъыстэн, Шэшэн, Ингуш, Адыгэ, Осетие - Ищхьэрэ Алание, Къэрэшей-Шэрджэс, Абхъаз республикэхэм къэрал къафэкІуэ ансамблхэр зэрыщыІэм емыльытауэ, Атэбий Игорь ар фІыуэ кьохъуІэ. Пасэрей щІыхьэ къафэхэм я куп щІэр абы кьегъэльагъуэ, дунейпсо къафэм и ехьулІэныгъэхэр зыхуэдэр кьиІыпэу. Аращ абы и зэфІэкІым лъабжьэ хуэхъур, и лжьыгъэкІэ нэгъуэщІхэм кьаХэзыгъэщ щхьэхуэныгъэр, игъэув къафэхэр, щІэщыгъуэ зыщІыр».

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Тхэквондо

Урысейпсо зэпеуэм хэтын папщІэ

Рязань къалэм дэт «Щхьэзакъуэ бэнэныгъэхэмкІэ академием» мы махуэхэм щекІуэкІащ «Рязань кремлым и кубок» тхэквондомкІэ Х урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Урысейм и щІыналъэ 47-м икІа, ныбжь зэмылІэужьыгъуэхэм ит спортсмен 1700-м нэблагъэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэ кьыхэхам абы хъарзынэу зыкъыщІэгъэльэгъуащ икІи псори зэхэту медали 9 ди щІалэхэм кьаХащ.

Я хьэлъагъ ельытауэ гуэшауэ щыта гупхэм пашэныгъэр щаубыдащ Бицу Кьантемыр (кг 30), Багъ Идар (кг 33-рэ), Гъубжокъуэ Астемыр (кг 36-рэ), Тхьэзэплъыкъ Исламбэч (кг 41-рэ), Ахъмэт Жантемыр (кг 63-рэ) сымэ. КъищынэмыщІауэ, ди щІалэхэм кьахьащ дыжьын медалу 1-рэ жэз медалу 3-рэ.

Иджырей зэхьэзэхуэхэр рейтинг къыщалэжьу щытащ - текІуахэм зыІэрагъэхьа зачёт балл бжыгъэхэм ельытауэ щытынущ Урысейм и зэхьэзэхуэм щыщыІахэр зыхэхуэну гупхэр. Календарь планым зэрытымкІэ, ныбжьыщІэхэм я къэралпсо зэпеуэр бадзэуэгъуэм и 21-26-хэм Налшык щызэхэтынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм яубзыхуа лэжьыгъэм ипкъ иткІэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» хэгъэгупсо зэпеуэр Нарткъалэ дэт 6-нэ курыт еджапІэм кьепхауэ лажьэ «Налмэс» сабий гъэсапІэм щекІуэкІащ.

● «Си бзэ - си псэ, си дуней»

Псэм и узэщІакІуэхэр, гъэсэныгъэм и унэтІакІуэхэр

ЗЭПЕУЭМ кьрихьэлІа къэпщытакІуэ гупым кьаІущІащ Аруан щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущ іапІэм и унафэщІ Жэрыщты Олег, Аруан щІыналъэм Методикэ хуэІуэхуэщІэхэмкІэ и центрым и унафэщІ Балъкъэр Альбинэ, абы и лжьакІуэ Хьэщ іэлІ Зое, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Хьуэст ФатІимэ, сабий гъэсапІэр зэпха 6-нэ курыт еджапІэм и унафэщІ Мысрокъуэ Марие, Іуэхур кьыдэзыха сабий гъэсапІэм и унафэщІ Семэн Іэсият, адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр, гъэсэнхэр.

Нэхьыжьхэм ирагъэблагъэри, хьэщІэхэр гъэсапІэ унэм и хъуреягъым щагъэхьэзэра гъэлъэгъуэныгъэхэм ирагъэплъащ. Дэтхэнэ зы гъэльэгъуэныгъэми бгъэдэтт гъэсэн щыкІуэхэр, псоми я фІэхъус псалъэрэ я усэбзэрэ хьэзыру.

Адыгэбзэр езыгъэдж **БицІо Мадинэ** къырихьэлІахэм яригъэльэгъуащ адыгэбзэм хуэхэа пэшыр. Абы зэхуихьэсат бзэр зэрыраГъэдж методикэ чэнджэщхэр зэрыт тхылъхэр, егъэджэныгъэм ехьэлІа нэрылъагъу Іэмэпсымэхэр, пасэрей адыгэ хьэпшыпхэр. БицІом кьэпщытакІуэхэм я пащхьэ кьрилъхьа лэжьыгъэм зэманри гъащІэшхуи зэрытригъэкІуэдар наІуэт.

«Бажэмрэ къурмрэ» псысэр и тегъэщІапІэу гъэсакІуэ **Жылэтэж Данэ** дерс зэІуха иригъэкІуэкІащ. ГъэсакІуэм хуэзфІэкІащ Іэгъэджэныгъэм щызекІуэ Іэмал зэмылІэужьыгъуэ зыбжанэ и урокым щІэщыгъуэу кьыщигъэсэбэпащ. Псысэм ипкъ иткІэ, гъэсэныгъэ Іэ жьыгъэри мымащІэу Данэ кьыщигъэсэбэпащ и урокым. Дэтхэнэ зы цІыкІуми гулъытэ хуэзыщІыф гъэсакІуэ жьыджэру зыкъигъэльэгъуащ Жылэтэ-жьым.

Гукъинэж ящыхьуахэм ящыщщ гъэсакІуэ **Багъэтыр Ольгэ** сабийхэм ядригъэщІащ, бжыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьызыхэщ лэжьыгъэхэри яригъэзэщІащ. ЕгъэджакІуэм пхыкІа сабийм и гулъытэр зришэлІэн, псалъэмакъ екІуэкІым жану хигъэлэжьыхьын. ЗыгъэпсэхуГъуэ Іыхьэр егъэджакІуэм зэрыригъэкІуэкІа щІыкІэри гъэщІэгъэгупитІу гуэшати, бжыгъэцІэ лъэпкъыгъуэхэр кьызыхэщ уэрэд жьІэнкІэ зэпеуащ. Щэч хэлъкъым бжыгъэцІэхэр яригъэщІэн щхьэкІэ егъэджакІуэм кьигъэсэбэпа Іэмалхэр сабийхэм я гум зэрыдыхьам, езыхэми яфІэфІу кьаІэрыдэлэжьам.

Ещанэу утыку кьрахьар Джэдгъэф Борис и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум екьэлІауэ ягъэхьэзыра литературэ-макъамэ композицэрат. Ар игъэхьэзырат адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Кьэжэр Мадинэ.

Джэдгъэф Борис кьыщалъхуари кьыщыкІуэри мы кІуэжьоращ, щеджари мы курыт еджапІэращ. Анэр лъытэн, анэдэлъхубзэм, Хэкум кьащхьщыжьын, Іэтын зэрыхуейм хуэзыгъасэ-хуэзыущиуэ ди нобэм кьэса Борис и гъащІэм, и творчествэм гум кьинэу, купщІэ хэлъу щыгъуазэ ящІащ кьыззхуэсахэр. Адыгэ фащэр зыщыгъ сабийхэм я нэгури я щытыкІэри гуакІэ кьыздэжь усэм дежьуат. ЕгъэджакІуэм сабийхэм усэр яригъэщІа кьудейкъым, атІэ езыхэм кьыздальхуа, я кьуажэ кьыдэкІа цІыку цІэрыІуэм и щапхъэр лъагъуэ яхуищІащ. Езы еджакІуэхэми фІым хуэпэбгъэныр, дахэм хущІэкъуныр гуращэ яхуэщІынри егъэджакІуэм кьеХъуІауэ жьпІэ хъунущ. Кьэжэ-рым пшыхьэр щызэхуищІыжым кьыхигъэщащ усакІуэщхуэм и щІыхькІэ мы еджапІэм литературэрэ пшынальэу зэхэт проект кьызэрихьлъхьар. Абы ипкъ иткІэ еджакІуэхэм Іэмал тІэнэщ тхакІуэм Іущ іэу абы и гъащІэм, и лэжьыгъэм ехьэлІа кьэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну, усэ пшыхьэр, конференцэхэр зэхашэну. ЕджакІуэхэм ягъэльэгъуа сыхьэтри абы щыщщ.

Махуэ псом яльэгъуахэр тепльыджэ зыщыхьуа хьэщІэхэр, егъэджакІуэхэми еджакІуэхэми псалъэ дахэхэмкІэ зыхуагъазэри, яГ нэхъ дыхьа сабийхэм тыгъэ цІыкІухэмкІэ яхуэупсащ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Хэтхэ щІыналъэ

Щызэхуэдэщ Мейкъуапи Налшыки

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 21-м. Щіыхь 200 ельащ.

Судьяхэр Шишкин (Тамбов), Васильченкэ (Мейкъуапэ), Егоров (Дон Іус Ростов).

«**Спартак-Налшык**: Щоджэн, Лелюкаев, Тебэрды, Ольмезов, Абазэ, Мэшыкъуэ (Газаев, 77), Михайлов (Дэхъу, 71), Шаваев, Каркаев, Машэжь (Ашу, 79), Бацэ.

«**Мэшыкъуэ-КМВ**»: Зайцев, Муллар, Демидов, Фролов, Кабулов, Абациев (Цаголов, 77), Остапенкэ (Солтанов, 90), Карибов (Ваниев, 87), Парсаданян, Гонгадзе, Джатиев.

Дагъуэ кьыхуащІащ Абациевым, Абазэм, Мэшыкъуэм, Ольмезовым, Остапенкэ, Тебэрдым.

ДЖЭГУГЪУИТІ хъуауэ «Спартак-Налшыкыр» зыхэт зэІуцІэхэм бжыгъэр кьыщызІуамыхауэ щызэбгъэдокІыж. Абы щыгъуэми щэбэт кІуам Налшык щыІар тхьэмахуэ ипэкІэ Мейкъуапэ щекІуэкІам ефэгъуэкІыт. Пэжщ, ди щІалэхэм аргуэру ебгъэрыкІуэныгъэкІэ ирагъэжьащ икІи Мазэжьымрэ Бацэмрэ хьэщІэхэм я гъащІэхьэхуэмэхэр ягъэпІейтейрт. Уеблэмэ епщыкІубланэ дакъикъэм налшыкдэсхэм бжыгъэр кьызэІуахат. АрщхьэкІэ ар кьэхуным зы мащІэ дыдэ иІэжу хэпъэрейхэм футбол хабзэр кьызэпаудати, судьям топыр хибжакъым.

Хуэм дыдэурэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и гур кьызэрыгъэтыжащ икІи ипэкІэ кІуатэу хуэежьащ. Абыи мызэ-мытІэу Іэмал хъарзынэхэр иІащ бжыгъэр кьызэІуихьну. АрщхьэкІэ ди гъащІэхьэхуэмэхэр гъащІэхьэтет Щоджэн Борисрэ ахэр кьызэпаудащ.

75-нэ дакъикъэм «Спартак-Налшыкым» и хъэрхуэрэгъуэхэм я жагъуэ ищыну хуэзфІэкІын хуеящ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Абазэм Іэзэу кьыхита топыр Бацэм гъуэм дигъэхьэфакъым, кьыщигъэсэбэпащ. Ар Осетие Ищхьэрэ - Аланием и кьалащхьэм щефІэкІащ «Спартак-Владикавказ»-м.

«Спартак-Налшыкым» и хьэтыркІэ зи текІуэныгъэхэр тхьэмахуэ ипэкІэ кьызэтезыгъэувыІа Мейкъуапэ и «Дружба»-м и ехъулІэныгъэхэм Дон Іус Ростов щыпщэжащ. Ешыгу Сэфарбий и гъэсэнхэм абы щыхагъэщІащ щыпІэ СКА-р. Апхуэдэ щыкІэкІэ Адыгейм и футболистхэр иужь дэжгугуэгуфІым хэнейрэ щытекІуащ икІи еплІанэ увыпІэмэ нэс турнир таблицэм щыдэкІуэтенащ.

Иджы щыгъуазэ фІыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «ИщІэ» гупым иужьу щызэхэта джэгугуэхэм кьрикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Чайка**» (Песчанокопское) - «**Академия**» (Дон Іус Ростов) - **2:0**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Армавир**» (Армавир) - **1:1**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Кубань-2**» (Краснодар) - **1:0**, «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - «**ІэфІыпс**» (Іэфыпс) - **0:1**, «**Краснодар-2**» (Краснодар) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **1:1**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0:1**, «**Ангуш**» (Нэзрэн) - «**Анжи-2**» (Мэхъочкъалэ) - **2:2**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «ИщІэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщІэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «ІэфІыпс»	26	21	4	1	58-13	67
2. «Армавир»	26	20	5	1	59-14	65
3. «Краснодар-2»	25	14	5	6	52-26	47
4. «Дружба»	27	13	4	10	30-28	43
5. «Чайка»	26	12	7	7	35-23	43
6. СКА	28	11	8	9	38-29	41
7. «Спартак-Налшык»	26	10	10	6	33-20	40
8. «Черноморец»	26	11	6	9	34-24	39
9. «Легион Динамо»	26	10	6	10	25-22	36
10. «Академия»	27	9	6	12	22-39	33
11. «Биолог-Новокубанск»	26	9	6	11	24-33	33
12. «Мэшыкъуэ-КМВ»	26	7	7	12	21-26	28
13. «Ангуш»	26	7	7	12	28-41	28
14. «Спартак-Владикавказ»	26	6	5	15	20-37	23
15. «Динамо-Ставрополь»	26	6	5	15	32-56	23
16. «Анжи-2»	27	4	5	18	23-50	17
17. «Кубань-2»	26	4	2	20	19-62	14

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпэан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщэпыдж Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Редакциер ящІ: КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр **360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ іапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зыхьарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжыгъэхэм, ящыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ іапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІаш* **Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 2.046 ● Заказ №411